

Kondisyon Kalifikasyon debaz pou Manje: Kisa ou bezwen konnen pou kenbe Benefis ou yo Basic Food Eligibility Requirements: What You Need to Know to Keep Your Benefits

Benefis ou yo limite pou yon tatan si w pap travay

Nou konsidere w kòm yon Adilt enganm ki pa gen Depandan (ABAWD) pou Manje Debaz paske ou ka travay e ou pa gen timoun lakay ou,

Ou ka resewa benefis Manje Debaz pou twa mwa sou chak 36 mwa si ou pa reponn a kalifikasyon pou travay.

Kijan pou kenbe benefis manje debaz ou

Ou dwe fè youn oswa plis nan konbinezon aktivite ki ananprè yo pou kenbe benefis ou pou plis pase twa mwa:

- Fè travay volontè grasa pwogram Sosyal chak mwa. Benefis ou chak mwa ap detèmine kantite èdtan ou dwe travay volontè pou kenbe benefis manje ou.
- Travay omwen 20 èdtan pa semèn oswa 80 èdtan pa mwa an mwayèn.
- Patisipe nan yon pwogram travay oswa fòmasyon apwouve tankou:
 - Fòmasyon Travay ak Manje debaz (BFET). Pou w jwenn plis enfòmasyon ale nan www.dshs.wa.gov/bfet;
 - Pwogram ki enkli nan Lwa sou Opòtinite ak Inovasyon Travay [Workforce Innovation and Opportunity Act] (WIOA)/ Pou w jwenn plis enfòmasyon ale nan <https://www.dshs.wa.gov/esa/community-services-offices/wioa>;
 - AmeriCorps VISTA; oswa
 - Chemen Konpetans pou Moun ki Limite nan Lang Angle [Limited English Proficiency (LEP) Pathway].

Obstak nan patisipasyon

Kontakte nou si ou pa ka patisipe pou omwen 80 èdtan pa mwa akòz ou:

- Gen andikap mantal oswa fizik;
- Resewa benefis nan Labor & Industries (L&I), Veterans Administration [Administrasyon pou Veteran], oswa Asirans prive pou andikap;
- Ap viv nan yon kondisyon ki anpeche ou travay, tankou sanzabri alontèm;
- Pran swen yon moun ki pa ka pran swen tèt li akòz li granmoun oswa li andikape;
- Patisipe nan yon tretman depandans chimik oswa pwogram reyabilitasyon;
- Aplike pou oswa resewa benefis chomaj;
- Enskri nan lekòl omwen atan pasyèl; oswa
- Resewa benefis Asistans Lajan kach pou refijye oswa lajan sibvansyon matche.

Enfòmasyon ou dwe rapòte

Ou dwe di nou si:

- Ou pa ka fè kantite èdtan patisipasyon ki obligatwa nan yon mwa.
- Ou travay men èdtan travay ou te desann anba 20 èdtan pa semèn.
- Revni lakay ou depase limit nan WAC 388-478-0060.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou egzijans ABAWD nan www.dshs.wa.gov/abawd.

Rele nou nan 1-877-501-2233 si ou gen kesyon, si ou bezwen asistans pou konekte nan yon pwogram fòmasyon, oswa ou ta bezwen rapòte chanjman.

Ou ka vizite nou nan www.washingtonconnection.org pou aplike pou benefis, soumèt yon revizyon, oswa rapòte chanjman.